



City of  
**Salisbury**  
Jacob R. Day, Mayor

15 Jen 2020

Chè Mesye oswa Madam,

Gouvènè Maryland la te deklare yon Eta Ijans pou evite COVID-19 la gaye nan dat 5 Mas 2020 a. Pou evite sanzabri ak pou kontwole frekantasyon ak itilizasyon bilding yo pandan ijans la, nan dat 3 Avril 2020, Gouvènè a te adrese ke pandan moman ijans la okenn tribinal pa kapab bay lòd pou yo retire yon lokatè nan yon pwopriyete lokasyon paske li pa peye lwaye li oswa pou vyolasyon kontra lokasyon si lokatè a kapab pwouve “yon enpòtan pèt nan revni li ki lakòz pa COVID-19 la oswa lye ak pwoklamasyon Eta Ijans la”. Si ou pèdi travay ou, te genyen èdtan koupe nan travay ou, kote ou travay la fèmen oswa ou pa kapab al travay pou pran swen ki lekòl ki rete lakay yo, lòd Gouvènè a aplike pou ou. Lòd Gouvènè a aplike tou pou biznis ki genyen yon pèt enpòtan nan revni yo ki lye akòz rediksyon biznis, yon fèmte obligatwa oswa yon pèt nan anplwaye yo.

Lòd Gouvènè a pa jistifye w nan peman lwaye w. Lòd la sèlman anpeche w degèpi pandan ijans la si ou kapab pwouve yon enpòtan pèt nan revni ou. Si ou kanpe peye lwaye w, pwopriyete w la kapab pran aksyon pou mete w deyò nan kay la ak jwenn yon jijman kont ou pou lwaye pase yo kan tribinal la ouvè ankò nan dat 25 Jiyè 2020. Pou rezon sa a, mwen fòtman rekòmande w pou peye lwaye ou si ou genyen lajan an. Si ou pa genyen lajan pou peye lwaye a, kontakte pwopriyete w la epi fè yon akò alekri avèk lokatè w sou kijan ou pral peye lwaye ki pa peye yo. Bon pwopriyete vle fè afè avèk ou epi li ta dwe anmezi pou travay avèk ou pou jwenn lwaye ki poko peye yo epi kenbe w nan pwopriyete a.

Akòz Eta Ijans la, tribinal pwopriyete/lokatè yo fèmen pou kounye a epi yo pral rete fèmen jouk nan dat 25 Jiyè 2020. Si tribinal pat te deja ba ou lòd pou kite pwopriyete lokasyon an paske ou pa peye lwaye oswa kèk lòt vyolasyon nan kontra lokasyon ou a, yo pa kapab mande w pou kite pwopriyete a jiskaske tribinal la ouvè ankò epi ou ap genyen opòtinite pou yon jij tandè w. Si ou pwouve yon pèt enpòtan nan revni ou akòz fèmte COVID-19 la, tribinal pa pral antre yon jijman lajan oswa retire w nan pwopriyete a jouk apre Eta Ijans la fini.

Vil Salisbury a te pase yon nouvo òdonans pou pwoteje lokatè yo kont yon ogmantasyon lwaye, frè reta yo ak nouvo frè lwaye jouk 90 jou apre Eta Ijans la fini. Sa a aplike pou nenpòt ogmantasyon pandan ijans la menmsi ou te resevwa avi ogmantasyon avan ijans la te kòmanse. Òdonans Salisbury a te rekòmande pwopriyete pou ofri lokatè yo “plan peman pou peman lwaye ak frè lokasyon nan vèsman ki pral kontinye pou pa mwens pase yon ane apre ekspirasyon Ijans la. Plan peman sa yo dwe alekri epi siyen pa pwopriyete ak lokatè a” Òdonans Salisbury a pa bay pwoteksyon kont ekspilsyon pa yon pwopriyete. Si ou pa peye lwaye ou oswa ou vyole kontra lokasyon an, lè ijans la fini, pwopriyete w genyen dwa legal pou mete w deyò nan pwopriyete li ak jwenn yon jijman monetè kont ou menm.



City of  
**Salisbury**  
Jacob R. Day, Mayor

Ou kapab jwenn lwa sa anliy sou sitwèb:

<https://salisbury.md/wp-content/uploads/2020/05/6-1-20-SpMtg-Agnd-Pckt.pdf>

Anba Òdonans 2599

Si ou santi dwa ou vyole, tanpri rele Depatman Devlopman Lojman ak Kominote (Housing and Community Development Department) a nan 410-341-9550.

Sensèman

Jacob R. Day

Majistra